

Uburenganzira n' Imyitwarariko Vyawe Mugihe Uhabga Infashanyo Zitangwa n' Ubuyobozi bg' Infashanyo z' Igehe Kiramba n' Ubuzima bgo m' Ubusaza hamwe n' Ubuyobozi m' Uvyerekeye Ubumuga bg' Igikuririro
Your Rights and Responsibilities When You Receive Services Offered by Aging and Long-Term Support Administration and Developmental Disabilities Administration

IZINA RY' UMUFASHWA
INUMERO NDANGA YA ACES

Infashanyo z' Itangwa

Urafise uburenganzira bgo gucagura infashanyo wanditswemwo zo guhabga. Infashanyo nizo guhitamwo. Izo n' infashanyo ziri hwa n' Ubuyobozi bg' Infashanyo z' Iramba n' Ubusaza (AL TSA) hamwe n' Ubuyobozi Muvyerekeye Ubumuga bg' Igihe co Gukura (DDA) zirashobora kutagufasha muvyo ukeneye vyawe vyose.

AL TSA na DDA zitanga infashanyo muri:

- Inzu y' Umuryango w' Abageze Muzabukuru, Ikigo c' Abashaje Bafashwa mw' ibungabungwa, Itunganywa z' Ingo z' Infashanyo, Ingo zo Kugwaza, Ugufashwa Murugo, Inzu zo Kurera Abana, Ingo z' Inzu z' Abakozi b' Abana Babifitiye Amategeko; Inzu za Hamwe m' Umurwi za DDA, Inzu Zitanga Ubumenyi bg' Imyimenyerezo ya hamwe, ICF/IDS; CANKE
- Inzu y' umuntu bgite. **Isobanuro:** AL TSA na DDA ntizitanga umufasha muvyekeye kubungabunga ahembga kumasaha 24 m' unzu y' umuntu bgite. Niyaba umufasha wo kubungabunga w' amasaha 24 akenewe murico gihe n' ivyiza kw' iyumvira ubundi buryo bg' infashanyo bushoboka.

Umuyobozi wa Kesi yawe ya AAA, Umuyobozi Ngenerwa wa Kesi ya DDA, canke Umuhinga m' uvvyekeye Infashanyo zo Mumibano ya HCS yitwa **umukozi wa kesi** muriyi dosiye.

Uburenganzira Bgawe

Ufise uburenganzira bgo:


- Guhabga agaciro, kw' ubahwa kandi no kutavangurwa;
- Kugira amakuru akwerekeye yabitswe mubgigenge vy' ibice vy' amategeko hamwe n' ingingo za DSHS;
- Kudashinyagurizwa, kurengagizwa, kwamburwa amatungo, canke gutabga. Ku nsiguro zidondoye zaya majambo ngenderwako, temberera urubuga ngurukanabumenyi: <https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse>. Mugihe wewe canke umuntu uzi yoba ariko arashinyagurizwa, arengagizwa canke y' amburwa ivyiwe, urasabge guhamagara umurongo wo kubuntu wa DSHS kuri 1-866-(Iherezo ry' Umubabaro) / 1-866-363-4276 kugira uganyire n' umukozi ashobora kugufasha;
- Bg' amatungo yawe guhabga icubahiro;
- Kubgirwa infashanyo zose ufitiye uburenganzira bgo guhabga kandi no guhitamwo infashanyo ushaka nizo udashaka;
- Gukorana hamwe n' umukozi akurikirana kesi yawe m' ukugira umugambi w' ibungabungwa ryawe;
- Kudahatwa kw' ishura ibibazo canke gukora ikintu udashaka;
- Kubgirwa mu nyandiko ingingo z' ibiro vy' ubuserukizi kandi uhabge ishusho y' umugambi w' ibungabungwa ryawe canke incamake y' umugambi w' infashanyo;
- Ku ganira n' umuhagararizi niyaba wewe n' umukozi wa kesi yawe mutumvikana;
- Gusaba ubuyobozi bgo k' umvirizwa naho woba wamaze gutanga imvugo y' ikirego;

- Gutanga imvugo y' ikirego atabgoba bgo gukorerwa umubabaro naho woba wari wamaze gusaba ubuyobozi bgo k' umvirizwa;
- Kuganira n' umufasha-vyiyumviro mu guhamagara uyu murongo 1-888-201-1014;
- Guhakana infashanyo zose;
- Guhabga infashanyo z' umusiguzi k' Ubuntu atakurihishwa mugihe utaganira icongereza neza;
- Gucagura, guhagarika canke guhindura umukozi avyemerewe; kandi
- Guhabga inyishu zo kuraba ibisobanuro vy' umuyobozi-nfasha uwariwe wese ucaguye.

Imyitwarariko yawe

Ufise imyitwarariko yo:

- Guha ububasha umukozi wa kesi k' uzuzwa isuzumwa ryawe nibura buri mwaka ahantu ahoraho hose hoba hakworoheye;
- Guha ububasha umukozi wa kesi kuraba ubuzima ubayemwo nibura buri mwaka;
- Kuduha amakuru ahagije kugira twuzuze isuzumwa ryawe;
- Kubgira umukozi wa kesi yawe niyaba hari uwundi muntu agufatira ingingo zawe muvyekeye amafaranga;
- Kwifatanya mw' iterambere ry' ibungabungwa ryawe canke umugambi w' infashanyo, kandi ushireko umukono;
- Gutahura ko umuyobozi-nfasha wawe adashobora guhembga kunfashanyo canke amasaha atahawe uruhusha;
- Gucagura kubgawe ibungabungwa ry' amagara;
- Gucagura umuyobozi-nfasha avyemerewe;
- Gutanga igice co gukoreramwo c' umutekano;
- Kugumya mw' ibanga ibisobanuro vyerekeye umuyobozi-nfasha;
- Kubgira umukozi wa kesi yawe niyaba ufise ingorane n' umuyobozi-nfasha wawe canke utaronswa amasaha yemezwa n' umuyobozi-nfasha;
- Kuriha umuyobozi-nfasha wawe buri kwezi niyaba ufasha mukuriha kw' ibungabungwa ryawe;
- Kudakora mu nzira zita uwariwe wese mungorane; kandi
- Bgira umukozi wa kesi yawe niyaba hari ihindurwa muri:
 - ✓ Buzima bg' amagara yawe;
 - ✓ Infashanyo uronka zivuye m' umuryango canke ibindi biro nserukizi;
 - ✓ Aho uba; canke
 - ✓ Ivyerekeye amafaranga yawe.



Imyitwarariko y' Umukozi w' Ikesi

Umukozi w' ikesi yawe y' itwararika mu:

- Kuguha agaciro n' icubahiro;
- Kugumya ibanga ryawe;
- Ku kubgira ico AL TSA na DDA zishobora, canke zidashobora, kugukorera;
- Kuronka amakuru avuye kuri wewe n' abandi kugira akore isuzumwa mu kugena urwego rw' infashanyo no gufata ingingo y' infashanyo izo ushobora gucaguramwo.
 - ✓ Iryo suzumwa rizoba ririmwo ubushobozi bgawe, imbibe, imipango, hamwe n' ivyushaka.
 - ✓ Iryo suzumwa rizoba ririmwo infashanyo uriko urahabga canke ushobora guhabga n' umuryango canke n' ibindi biro nserukizi kandi n' ukuntu ushaka izo n' infashanyo zitangwe;
- Kugufasha mu gukora umugambi w' ibungabungwa canke akerekana infashanyo n' ibungabungwa z' umuntu kandi harimwo imipango yawe, ivyushaka, hamwe n' ivyo uhitamwo;
- Kuronka amakuru avuye kuri wewe n' abandi kugira avugurure umugambi wawe w' ibungabungwa canke umugambi w' infashanyo buri mwaka canke mugihe ubuzima bgawe buhindutse;
- Kuguha igihe gihagije kugira utange ayo makuru akenewe;
- Kwerekana ingorane ziri m' umugambi wawe w' ibungabungwa canke umugambi w' infashanyo nkuko izo ingorane zibonetse;
- Kubaha uburenganzira bgawe kandi no gufasha kuja munfashanyo mugihe ufise ingorane z' ubgenge, zo m' umitwe neroljike, z' ibihimba vyo kw' iyumvamwo m' umubiri, canke ubumuga bg' umubiri; kandi
- Kugufahsa kuronka umuyobozi-nfasha avyemerewe mugihe utashoboye kumuronka kubgawe.

Iteguza Zambere Advance Directives

Ufise uburenganzira bgo gutanga iteguza zambere. Iteguza zambere zishobora kuba zirimwo uko ushaka kubaho m' ubuzima canke ubushobozi bg' umuserukizi mukuru mumanza kuvyerekeye ibungabungwa ry' amagara yawe. Iteguza zambere zikora incamake y' ivyo ushaka vyerekeye ivurwa kandi, canke ibungabungwa ry' amagara mu ngwara z' ubgenge, harimwo uburenganzira bgo kwemera canke kwanka ivurwa, ingwara z' ubgenge, canke ivugwa ryo kubagwa, mugihe udafise ubushobozi bg' ubgenge bgo gufata izo ingingo. Ushobora guhagarika iteguza zambere zawe umwanya uwariwo wose.

Insiguro kubakiriya hamwe n' abakozi (Umutwe wa VI hamwe na VII) Igisata c' Intara y' Iwashington muvyerekeye Infashanyo z' Amagara n' Imibano n' igisata gitanga uburyo bw' akazi atakarenganyo kandi ntigikumira mubice ivyarivyo vyose vyerekeye akazi, mu migango yaco canke infashanyo vyegamiye kumyaka, igitsina, ibiranga gitsina, ikiranga, ikiranga/ivyiyumviro gitsina, kuba wubatse no kutubaka, ubwoko, ukwemeza, ibara, akavukire, idini canke ukwemera, guhegamira muvya poritike, igihagararo mu gisirikare, warahawe uburenganzira bwo kuva mu gisirikare, igihe co muri Vietnam, hashize igihe gito urekeranye, canke izindi nzego z' umutekano zo kuba warakoreye igisirikare, ukubaho kw' ubumuga ubwaribwo bwose, mumutwe, ubumuga bw' umubiri, canke ugukoresha inyerekezo z' imbwa zafashe imyimenyerezo, canke imbwa z' umutekano k' umuntu afise ubumuga, umushahara atakuvangura canke amakuru y' uburage.

Infashanyo zo Kwiyandikisha kw' Abatora

Ingingo y' Igihugu ya 1993 mu Kwiyandikisha kw' Abatora isaba intara zose gutanga infashanyo zo kwiyandikisha mu gutora mu biro vyabo vyo gufasha muri rusangi. Gusaba kwiyandikisha canke kwanka kwiyandikisha ntangaruka mbi izo n' infashanyo canke ibiciro vy' akamaro uzohabga n' ubgo buyobozi nserukizi. Niyaba ushaka infashanyo mu kuzuza ishusho yo kw' iyandikisha gutora, tuzobigufashamwo. Ingingo yawe yo kw' iyandikisha canke kwanka kw' iyandikisha bizoba ibanga kandi bizokoresha mu bikorwa vyo kw' iyandikisha gutora gusa. Niyaba wemera ko hari umuntu yinjije m' uburenganzira bgawe bgo kw' iyandikisha cane kutiyandikisha gutora, m' uburenganzira bg' ibanga ryawe ryo gufata ingingo yo kw' iyandikisha canke gusaba iyandikwa ryo gutora, canke uburenganzira bgawe bg' umugambge wawe canke izindi politike uhitamwo, aho ushobora gutanga ikirego kuri ibi biro vy' amatara:

Washington State Elections Office
PO Box 40229
Olympia WA 98504-0229
1-800-448-4881

Umukono Wawe

Shirako umukono wawe aho musu k' umurongo niyaba utahura uburenganzira n' imyitwarariko vyawe kandi niyaba utahura imyitwarariko y' umukozi w' ikesi yawe.

UMUKONO W' UMUFASHWA

ITARIKI

UMUKONO W' UMUSERUKIZI W' AMATEGEKO

ITARIKI

Uburenganzira n' Imyitwarariko Vyawe Mugihe Uhabga Infashanyo Zitangwa n' Ubuyobozi bg' Infashanyo z' Igihe Kiramba n' Ubuzima bgo m' Ubusaza hamwe n' Ubuyobozi Muvyerekeye Ubumuga bg' Igikuriro

AMABWIRIZWA

1. Ereka rino shusho k' umufashwa igihe co kuzuzwa isuzumwa rya mbere ry' IBUNGABUNGA kandi gusubiramwo umugambi w' ibungabunga canke umugambi w' infashanyo. Niyaba umufashwa ubu ahabga infashanyo kandi akaba atari bgashireko umukono ku nyandiko yiyi shusho, tanga rino shusho k' umufashwa mw' isuzumwa rizokurikira. Subiramwo iyi shusho n' umufashwa mu kwishura ibibazo ivyarivyo vyose umufashwa yoba afise vyerekeye uburenganzira bgiwe n' imyitwarariko.
2. Gira kopi zibiri ziye shusho zishizweko umukono n' umufashwa canke umuserukizi w' umufashwa zerekana ko yatahuye uburenganzira bg' umufashwa n' imyitwarariko mugihe ahabga infashanyo zitangwa n' Ubuyobozi bg' Infashanyo z' Igihe Kiramba n' Ubuzima bgo m' Ubusaza hamwe n' Ubuyobozi Muvyerekeye Ubumuga bg' Igikuriro.
3. Sohora ishusho imwe k' urupapuro canke muri sisitemu yo kubika dosiye muri arudinateri (DMS) hama iyindi shusho uyihwe umufashwa.